



## KONSÈY ITIL POU RANPLI DEMANN APLIKASYON APÈL EKSTÈN ETA NEW YORK LA

Gen kèk seksyon nan aplikasyon Apèl Ekstèn lan ki ka lakoz konfizyon. Gade pi ba a pou plis enfòmasyon sou sa ki espere pou seksyon sa yo.

### APLIKASYON

- **Nimewo 11** la obligatwa sèlman si pasyan an deziyen yon lòt moun ki pa pwofesyonèl swen sante a pou aji nan non li.
- **Nimewo 12** la endike rezon ki lakoz plan sante a refize sèvis la. Yo jwenn enfòmasyon sa yo nan Desizyon Final Negatif (lèt refi) plan sante a.
- Pou **nimewo 13** la, ou dwe ranpli Kalite Egzamen an si w mande yon apèl rapid. Apèl ekstèn yo ka akselere sèlman si refi a tonbe nan youn nan kategori sa yo. Si w te deja resevwa sèvis yo, apèl ou a pa kapab akselere. Ou dwe tou endike si sa a se yon eksepsyon nan Fòm Estanda a oswa yon Apèl Ekstèn Estanda.
- **Nimewo 14** la obligatwa si founisè a ap soumèt reklamasyon an pou pwòp tèt yo oswa nan non pasyan an.
- Ou dwe itilize **nimewo 15** la pou dekri sèvis ou mande yo. Ou ka akonpaye yo ak yon dokiman separe ki gen enfòmasyon sa yo.
- **Nimewo 17** la gen rapò ak frè yon plan sante ka chajeou apèl ekstèn lan. Desizyon final negatif la pral endike si plan sante a chaje yon frè.
- Pasyan an oswa reprezantan otorize yo dwe siyen Konsantman Pasyan an pou Divilgasyon Dosye pou Apèl Ekstèn Eta New York la. Si pasyan an se yon minè, paran li oswa gadye legal li dwe siyen dokiman an. Si pasyan an mouri, reprezantan swen sante pasyan an oswa egzekitè a dwe siyen dokiman an. Si se yon gadyen, reprezantan swen sante oswa egzekitè ki siyen, yon kopi dokiman sipò legal la dwe enkli.

### ATESTASYON DOKTÈ

- **Pou apèl nesite medikal**, eksperimental/ankèt, ak andeyò rezo a, premye seksyon an obligatwa si doktè a ap mande yon apèl rapid paske delè estanda 30 jou a ta mete lavi oswa sante pasyan an an danje, oswa kapasite pou l reprann tout fonkyon li yo, oswa reta a ta reprezante yon menas iminan oswa grav pou sante pasyan an. Doktè ki asiste a dwe genyen tou yon nimewo telefòn kote yo ka jwenn li nan lè ki pa gen travay. Sa a enpòtan paske Ajan Apèl Ekstèn lan dwe pran yon desizyon nan 72 èdtan apre li resevwa l. Desizyon an dwe bay menm si gen enfòmasyon medikal ki pa konplè oswa kesyon ki pa gen repons akòz enkapasite pou kontakte doktè a.
- **Pou apèl ak eksepsyon fòmilè yo**, premye seksyon an obligatwa si doktè a oswa moun k ap preskri w la ap mande yon apèl rapid paske pasyan an ap souffri ak yon pwoblèm sante ki ka seryezman

Pou kesyon oswa èd ak yon aplikasyon vizite [www.dfs.ny.gov/ExternalAppeal](http://www.dfs.ny.gov/ExternalAppeal), rele (800) 400-8882 oubyen voye yon imè bay [externalappealquestions@dfs.ny.gov](mailto:externalappealquestions@dfs.ny.gov). Pou faks yon apèl rapid, rele (888) 990-3991.

mete lavi li oswa sante li an adanje, oswa kapasite li pou reprann tout fonksyon li yo, oswa li ap suiv yon tretman ki itilize lè l sèvi avèk yon medikaman ki pa nan lis la. Doktè ki asiste a oswa moun k ap preskri a dwe genyen tou yon nimewo telefòn kote yo ka jwenn yo nan lè ki pa gen travay. Sa a enpòtan paske Ajan Apèl Ekstèn lan dwe pran yon desizyon nan 24 èdtan apre li resevwa l. Yo Desizyon an dwe bay menm si gen enfòmasyon medikal ki pa konplè oswa kesyon ki pa gen repons akòz enkapasite pou kontakte doktè a oswa moun k ap preskri a.

- **Nimewo 10** la obligatwa pou refi sèvis eksperimental/envestigasyon ak andeyò rezo a (kote plan sante a ofri yon lòt sèvis andedan rezo a ki pa materyèlman diferan ak sèvis andeyò rezo a).
  - Sou-seksyon a, ch ak d obligatwa lè w ap fè apèl kont yon refi eksperimental/envestigasyon.
  - Sou-seksyon b, ch ak d obligatwa pou refi sèvis andeyò rezo a.
  - Sou-seksyon ch. dwe genyen enfòmasyon sou prèv medikal ak syantifik (dokiman klinik kòlèg revize) ki sipòte sèvis yo mande pou kondisyon pasyan an. De atik yo nesese. Seksyon sa a DWE dwe ranpli an antye, "Gade sa ki akonpaye" pa pral sifi. Dokiman ki akseptab pou soumèt yo dekri nan seksyon d. De dokiman yo pa bezwen fè pati kategori diferan.
- **Nimewo 11** la obligatwa pou pwoteksyon nan yon esè klinik. Tanpri sonje lwa sou Swen Abòdab (Affordable Care Act) la mande pou garanti depans woutin pasyan ki asosye ak esè klinik ki apwouve yo. Egzijans sa a PA aplike nan plan sante ki benefisye dwa akèri.
- **Nimewo 12** la obligatwa pou refi eksperimental/envestigasyon pou tretman yon maladi ra. Doktè ki siyen atestasyon an pou tretman yon maladi ra pa kapab doktè pasyan an. Yo dwe divilge nenpòt relasyon doktè ak pasyan an epi endike ki definisyon "maladi ra" ki aplike nan kondisyon pasyan an.
- Ou dwe ranpli **nimewo 13** la pou refi rekòmandasyon andeyò rezo a (plan sante a pa gen yon founisè nan rezo a ki gen fòmasyon ak eksperyans apwopriye pou satisfè bezwen swen sante pasyan an). Ou dwe mete non ak adrès founisè ki pa nan rezo a dwe mete ansanm ak fòmasyon ak eksperyans yo. Evalyatè klinik la pral sèvi ak enfòmasyon yo bay yo pou konpare kalifikasyon founisè ki nan rezo a ak founisè ki pa nan rezo a. Enfòmasyon tankou kourikoulòm vitayè founisè andeyò rezo a, sètifikasyon Konsèy Administrasyon an, kantite ane eksperyans nan trete kondisyon an, kantite fwa founisè andeyò rezo a te fè pwosedi yo mande a ak rezilta pwosedi sa yo, ak nenpòt lòt enfòmasyon enpòtan ou ta dwe bay. Ou ka bay enfòmasyon sa yo nan yon atachman nan aplikasyon an.
- Yon doktè dwe siyen **Nimewo 14** la. Nan lwa Edikasyon Eta Nouyòk la yo defini Doktè kòm yon MD oswa DO. Yo p ap aksepte atestasyon nenpòt lòt founisè siyen. Pou apèl eksepsyon nan fòm nan, yon doktè oswa moun k ap preskri w la ka siyen #14 la.